



Chè Paran,

Distri Lekòl Seaford ap bay opsyo sa kote timoun yo ka aprann lakay yo pou kont yo, e pou ede kenbe pitit ou angaje nan pwosesis edikasyon an pandan lekòl la fèmen.

Kòm yon elèv Seaford High School, pitit ou gen aksè a plizyè resous sou entènèt ki disponib pou ou si ou gen yon òdinatè ak entènèt la kay ou. Khan Academy gen anpil eleman konplè ELA ak matematik ki pral bay yon varyete sijè pou elèv yo ka pratike ki ka ogmanté intèlijans yo. Pitit ou a bezwen enfòmasyon sou kont Google li genyen-an pou l antre nan resous sa yo. Pitit ou a kapab gen aksè nan nenpòt resous sa yo nan ka ke lekòl yo fèmen-an.

Pou fanmi ki pa gen aksè nan entènèt oswa òdinatè, laptop, iPad (Oswa sa yo ki bezoin pran repo san yo pa itilize òdinatè), genyen tou yon meni ki gen aktivite offline. Nou apresye- w tan ou pral pran pou gade nan tout opòtinite aprantisaj sa yo ak pitit ou a pandan wap ede pou viris sa rele COVID-19 sispann gaye nan Eta Delaware.

Opòtinite aprantisaj sa yo pa obligatwa. Se si ou vle, se yon fason pou ka kenbe pitit ou a rete angaje epi aprann pandan lekòl la fèmen-an. Kòm yon paran sèvi ak diskresyon pou detèmine konbyen tan pitit ou a ka pase nan yon aktivité avan li pran repo oswa pou fè nan yon aktivite diferan. Moman nap viv bay anpil estrès, nou ankouraje w pran swen sante fizik ou ak mantal ou, Ou ka chwazi aktivité pitit ou vle fè ya lè sa posib.

Rete an sante!

Salitasyon,

Dr. Corey Miklus
Sipèntandan an
Distri Lekòl Seaford